

### BAB III

#### METODE PANALUNGTIKAN

#### 3.1 Sumber Data Panalungtikan


Nurutkeun Arikunto (2010, kc. 172) sumber data panalungtikan nyaéta subjék data-data panalungtikan anu dicangking ku panalungtik. Aya dua sumber dina nyangking data dongéng-dongéng anu aya di masarakat Sunda. Kahiji data primer, nyaéta dongéng-dongéng anu asalna ti panutur asli urang Sunda. Kadua data sékundér, nyaéta dongéng-dongéng anu geus dikumpulkeun dina wangun buku. Sumber data anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta sumber data sekunder nu geus aya, nu asalna tina buku kumpulan dongéng *Sasakala Talaga Warna* meunang nyusun Elin Sjamsuri. Dina éta buku aya tujuh belas judul dongéng nyaéta:

Tabel 3.1.  
Tujuh belas judul dongéng dina buku kumpulan dongéng  
*Sasakala Talaga Warna*

No	Judul Dongéng
1	“Aki Encon Tukang Pindang”
2	“Asal-Usul Kota Majalénka”
3	“Dongéng Bagénda Ali”
4	“Budak Leutik Bisa Ngapung”
5	“Dongéng Kéan Santang”
6	“Dongéng Nabi Ayub”
7	“Sasakala Cirebon”
8	“Gunung Wanalaré”
9	“Putri Kadita”
10	“Sasakala Cika-Cika”
11	“Sasakala Jabal Rahmah”
12	“Sasakala Kali Wedi”
13	“Sasakala Legok Cibuang”
14	“Sasakala Situ Bagendit”
15	“Sasakala Sumur Kamalayan Cilulumpang”
16	“Sasakala Talaga Warna”

Tina éta sumber, data anu aya tuluy dianalisis dongéng-dongéng anu nuduhkeun ayana unsur nu ngandung *pendidikan karakter* dumasar kana ulikan strukturalisme.

### 3.1.1 Idéntitas Buku



Judul buku	: Sasakala Talaga Warna
Penulis	: Elin Sjamsuri
Penerbit	: PT Kiblat Buku Utama
Taun terbit	: 2012
Kandel buku	: 86 kaca

**Gambar 3.1**

**Buku Kumpulan dongéng**  
*sasakala Talaga Warna*

### 3.1.2 Déskripsi Pangarang

Buku kumpulan dongéng *Sasaakala Talaga Warna* disusun ku Elin Sjamsuri dina taun 2012. Elin sjamsuri dibabarkeun di Cimanggung, Sumedang, 7 Séptémber 1943. Kungsi sakola di SR di Cimanggung (lulus 1956), tuluy SGB (1959) jeung SGA (1962) di Sumedang. Satamatna ti SGA, neruskeun sakola di Fakultas Keguruan dan Ilmu Pendidikan Unpad, anu terus jadi IKIP Bandung. Jurusan anu dipilihna basa Sunda. Meunang gelar sarjana muda taun 1965. Bari ngajar di SMP 15 Bandung (1966-1970), ngahancakeun kuliahna nepi ka meunangkeun gelar sarjana (taun 1969). Ti taun 1971 ngajar di almamaterna, Jurusan Basa Sunda, Fakultas Pendidikan Bahasa dan Seni IKIP Bandung, nepi ka pangsiun. Jabatan anu kungsi dicepengna di IKIP nyaéta Ketua Jurusan Seni Drama, Tari, Musik (1988-2006).

Ti mahasiswa kénéh, Elin geus milu icikibung dina kagiatan kasenian, pangpangna drama Sunda di kampusna. Kaasup salah saurng anu milu


ngadegkeun jeung ngabina grup kasenian Sunda KABUMI-UPI Bandung anu kungsi ngalambang ka sababaraha nagara Éropa jeung Asia keur ngawanohkeun kasenian Sunda hususna kabudayaan Sunda umumna. Salaku guru, Elin kungsi milu ancrub dina kapangurusan PGRI boh tingkat daérah (Jawa Barat) boh pusat. Lian ti KABUMI, Elin gé jadi salah saurang pangurus LBSS. Ti taun 2010 jadi redaksi majalah Sunda *Manglé* sabada marén tina ngajarna.

Karya tulisna, boh ésai boh carpon, mindeng dimuat di média citak di antarana *Gondéwa*, *Galura*, *Manglé*, jeung *Cupumanik*. Karyana nu mangrupa buku di antarana *Bermain dan Menari*, *Metodologi Pengajaran Tari di SD*, *Struktur Basa Sunda Dialek Bogor*, *Morfologi Basa Sunda*, *Bentuk Lakon dalam Sastra Sunda*, jeung *Unsur Bahasa Sunda dalam Peribahasa* (Sjamsuri, 2010, tk).

### **3.2 Desain Panalungtikan**

Sangkan ieu panalungtikan bisa kalaksana kalayan lancar perlu ditangtukeun desain panalungtikan. Desain panalungtikan nu dimaksud nyaéta runtuyan proses panalungtikan nu mangrupa bagan atawa gambar anu nuduhkeun léngkah-léngkah anu dilakukeun ku panalungtik dina ngalaksnakeun panalungtikan.

Léngkah-léngkah dina ieu panalungtikan kagambar dina bagan 3.1 ngeunaan desain panalungtikan.



**BAB I**  
**BUBUKA**

Arus modernisasi kiwari ngabalukarkeun ayana parobahan dina karakter jeung krisis ahlak ieu di harepan bisa dikurangan ku ayana leumpang ka... nu aya museur kana krisis moral, krisis karakter jeung krisis ahlak. Moral, karakter jeung ahlak miboga harti anu méh sa... sa Indonesia (1996:150) moral didefinisikan minangka ajaran ngeunaan hadé goréng. Karakter sorangan miboga... Bagan 3.1 Desain Panalungtikan minangka gambaran kapribadian sacara gembeng ti hiji jalma anu ngawer... mentalitas, sikep, jeung paripolah (Samsuri dina Barnawi & M. Arifin, 20...

**3.3 Metode Panalungtikan**

Ahapon ahlak miboga harti minangka tabéat atawa watek. Krisis moral, karakter jeung krisis ahlak ieu di harepan bisa dikurangan ku ayana leumpang ka... nu aya museur kana krisis moral, krisis karakter jeung krisis ahlak. Moral, karakter jeung ahlak miboga harti anu méh sa... sa Indonesia (1996:150) moral didefinisikan minangka ajaran ngeunaan hadé goréng. Karakter sorangan miboga... Bagan 3.1 Desain Panalungtikan minangka gambaran kapribadian sacara gembeng ti hiji jalma anu ngawer... mentalitas, sikep, jeung paripolah (Samsuri dina Barnawi & M. Arifin, 20... Arikunto (2010:20) jeung kritikus ahlak ieu di harepan bisa dikurangan ku ayana leumpang ka... nu aya museur kana krisis moral, krisis karakter jeung krisis ahlak. Moral, karakter jeung ahlak miboga harti anu méh sa... sa Indonesia (1996:150) moral didefinisikan minangka ajaran ngeunaan hadé goréng. Karakter sorangan miboga... Bagan 3.1 Desain Panalungtikan minangka gambaran kapribadian sacara gembeng ti hiji jalma anu ngawer... mentalitas, sikep, jeung paripolah (Samsuri dina Barnawi & M. Arifin, 20... cara nu digunakeun... panalungtikan. Variasi metode bisa mangrupikeun wawancara, observasi, jeung dokumentasi. ngahubungkeun antara moral, karakter, ahlak jeung kahirupan salah sahijina... Metode anu digunakeun panalungtikan nyaéta metode deskriptif.

Métode deskriptif nyaéta metode sabenerna aya dina hubungan antarabéh pasualan anu aktual jeung hubungan sosial. Ayana hubungan antara kabelesan jeung nganalisis (Sura... hubungan sosial nembongkeun... bisa dijadikeun salah sahiji sa... deskriptif ieu henteu... kawatir ngabalukarkeun... masalah... tapi... ngawengku analisis, interpretasi, jeung... bisa dijadikeun picontoeun jeung pieunteungeun... Metode deskriptif dina panalungtikan digunakeun pikeun ngadéskripsikeun ajén... kreatif, hiji karya seni. Karya seni sorangan bisa dihartikeun... Talaga Warna anu sadayana... pikeun bahan pangajaran mala di... prosés kreatif mikeun... hiji hal anu mibanda ajén linuhung.

Métode deskriptif dina panalungtikan digunakeun pikeun ngadéskripsikeun ajén... kreatif, hiji karya seni. Karya seni sorangan bisa dihartikeun... Talaga Warna anu sadayana... pikeun bahan pangajaran mala di... prosés kreatif mikeun... hiji hal anu mibanda ajén linuhung.

Nepi ka abad 20 ayeuna geus kapanggih rupa-rupa sastra heubeul utamana sastra lisan saperti carita pantun, carita wayang, mantra kawih, jeung dongéng (Ruhaliyah, 2002:6). Salah sahiji sastra lisan nu masih kénéh hirup di masarakat Sunda kiwari nyaéta dongéng. Dongéng sorangan bisa dihartikeun minangka carita prosa rahayat anu eusina dianggep henteu bener-bener kajadian. Dongéng

SMP. Ku digunakeunna metodé déskriptif dipiharep bisa nangkep gambaran nu saayana tur objéktif tina kumpulan dongéng *Sasakala Talaga Warna* ngeunaan unsur *pendidikan karakter*. Lian ti éta, metode deskriptif ogé digunakeun pikeun ngadéskripsikeun atawa nyieun gambaran sacara sistematis, faktual, jeung akurat ngeunaan fakta-fakta atawa sakabéh data nu aya dina kumpulan dongéng *Sasakala Talaga Warna*.

### **3.4 Wangenan Operasional**

Wangenan operasional nyaéta istilah-istilah anu aya patalina jeung variabel-variabel anu aya dina proses panalungtikan. Sangkan ieu panalungtikan téh puguh maksudna, tujuan sarta udaganana, baris ditataan heula istilah-istilah anu aya patalina jeung ieu panalungtikan sakumaha anu dipedar ieu di handap.

#### **1) Dongéng**

Dongéng nyaéta salah sahiji sastra lisan anu ditulis dina wangun lancarana (prosa) tur sumebar sacara tatalépa di hiji komunitas masarakat.

#### **2) Pendidikan Karakter**

*Pendidikan karakter* nyaéta atikan ihwal nilai, atikan ihwal budi pekerti, atikan ihwal moral, atikan ihwal watek, kalayan tujuan pikeun mekarkeun kamampuh peserta didik dina nangtukeun kaputusan hadé goréng.

#### **3) Bahan Pangajaran Maca**

Salah sahiji sumber diajar pikeun siswa. Atawa hal-hal anu tujuanana pikeun pangajaran.

### **3.5 Instrumén Panalungtikan**

Instrumén panalungtikan nyaéta alat atawa fasilitas anu digunakeun ku panalungtik dina ngumpulkeun data sangkan pagawéanana leuwih babari sarta hasilna ogé leuwih taliti, lengkep, jeung sistematis anu balukarna data babari pikeun diolah (Arikunto, 2010: 203).

Instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta instrumén *check-list*. Instrumén *check-list* nyaéta instrumén anu dijerona ngawengku daftar variabel anu rék dikumpulkeun datana. Instrumén *check-list* digunakeun pikeun ngumpulkeun data ngeunaan ajén *pendidikan karakter* anu aya dina dongéng-dongéng tina buku kumpulan dongéng *Sasakala Talaga Warna*. Dina ieu instrumén, panalungtik tinggal méré tanda atawa *tally* tina unggal pemunculan gejala anu dimaksud. Anapon format instrumén *check-list* digambarkeun saperti ieu di handap.

Tabel 3.2.  
Format instrumen *check-list*

No	Ajén <i>pendidikan Karakter</i>	Indikator	Aya	Henteu

### 3.6 Téhnik Panalungtikan

Téhnik panalungtikan nyaéta salah sahiji tarékah atawa cara (prosedur) anu kudu dillakonan kalawan ngagunakeun métode anu tangtu. Téhnik anu digunakeun dina ieu panalungtikan ngawengku téhnik ngumpulkeun data jeung téhnik ngolah data.

#### 3.6.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta studi pustaka jeung téhnik dokuméntasi. Téhnik studi pustaka dina ieu panalungtikan maksudna nyaéta talaah literasi ngeunaan bahan kajian jeung objék panalungtikan. Téhnik studi pustaka dina ieu panalungtikan digunakeun pikeun nyangking objék panalungtikan anu sumberna tina literasi jeung néangan sumber tur tiori anu ngarojong kana panalungtikan. Anapon téhnik dokuméntasi digunakeun pikeun nganalisis sakabéh data anu sumberna tina téks dongéng anu aya dina buku kumpulan dongéng *Sasakala Talaga Warna* anu disusun ku Elin Sjamsuri

### 3.6.2 Téhnik Ngolah Data

Téhnik ngolah data nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta maké téhnik analisis jeung interprétasi. Analisis miboga harti minangka hiji ulikan ngeunaan peristiwa (karangan, paripolah, jsb) kalayan tujuan pikeun mikanyaho kaayaan anu sabenerna (sabab-musabab, jsb), anapon interprétasi nyaéta tafsiran; *pemberian* kesan, pamadegan, atawa sawangan tioritis kana hiji hal (KBBI, 2008: 58, 543).

Téhnik analisis jeung interprétasi nu digunakeun dina ieu panalungtikan diwincik jadi sababaraha léngkah, nyaéta:

- 1) maca buku kumpulan dongéng *Sasakala Talaga Warna*;
- 2) nganalisis unsur intrinsik (struktural) tina unggal dongéng;
- 3) nganalisis dongéng anu némbongkeun ayana ajén *pendidikan karakter*.
- 4) nafsirkeun dongéng anu luyu dijadikeun bahan pangajaran maca di di SMP.